



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

**Pou Piblikasyon Imedya:** 14 fevriye 2015

### **GOUVÈNÈ CUMOM ANKOURAJE PREKOSYON NAN MITAN KONDISYON TANPÈT NÈJ GRAV IVÈ A**

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te ankouraje tout Nouyòkè yo pou pran prekosyon avèk kondisyon tanpèt nèj ivè a— sa ki gen ladan kondisyon van frèt tanperati anba zewo - sa ki afekte kominote yo toupatou nan eta.

Daprè Sèvis Nasyonal Meteyolojik, kèk zòn nan eta ka eksperimante nivo tanperati ki pi frèt yo depi anpil jenerasyon. Ajans lan fè remake ke tanperati nan Ayewopò LaGuardia nan Queens ka desann nan nivo ki pi ba depi 1943, e Central Park ka konnen tanperati ki pi ba depi 1888.

“Nouyòkè yo ta dwe pran tout prekosyon ki apwopriye kòm tanperati anba zewo ak kondisyon tanpèt nèj ap frape Eta pandan wikenn sa a,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Tanperati sa a ka danjere anpil pou tout moun soti nan timoun pou rive nan granmoun, kidonk mwen ankouraje tout moun pou yo rete andedan kèlkeswa lè li posib epi rete ansekirite.”

Depatman Eta New York genyen 1,444 chas-nèj, 3,629 operatè ak sipèvizè, ak 260,000 tòn sèl pou wout ki disponib nan tout eta pou tanpèt wikenn lan. Anplis, Depatman an te konplete ekip Long Island yo avèk 21 chas-nèj ak 6 charyo ki soti bò kote kontraktè yo. Yo te deplwaye tou kontraktè remòkaj yo nan Long Island pou retire nenpòt machin ki ta kloke sou otowout Eta.

Otorite Thruway Eta New York gen yon total 337 chas-nèj gwozè laj ak mwayèn, 555 operatè chas-nèj ak sipèvizè, 55 charyo traksyon avan ak 94,469 tòn sèl ki depwaye nan tout Eta New York nan kad repons pou tanpèt. Thruway a pral kontinye siveye tanpèt la kòm lap devlope e lap prepare pou l chanje resous yo komsadwa.

Ou ka jwenn Sant Repons kwawouj pou Enfòmasyon Piblik nan 1-800-733-2767. Nimewo telefòn National Grid NY Electric pou rapòte yon pwoblèm kouran se 1-800-867-5222. Wap jwenn enfòmasyon kontak pou sèvis piblik endividyèl anba paj kominike sa a.

Ou ka jwenn dènye enfòmasyon sou meteyo ki soti nan Sèvis Nasyonal Meteyoloji anba, ki swiv pa konsèy sekirite komen Nouyòkè yo ta dwe konnen:

Haitian Creole

### **NWS Albany**

Jodia gen chans pou nèj, sitou apre 1:00 p.m. Tanperati ki pi elve pral toupre 20, avèk pousantaj van frèt ki osi ba ke -8. Akimilasyon nèj posib pandan jounen an de 1 a 2 pous. Aswè a, yo prevwa nèj anvan 11:00 p.m., apres a nèj nan zòn kote nèj ap soufle apre 11:00 p.m. Tanperati ki pi elve pral toupre 10, avèk pousantaj van frèt ki osi ba ke -6. Rafal van ka soufle osi elve ke 25 kilomèt alè e nouvo akimilasyon nèj de 1 a 3 pous posib. Dimanch, nèj la pwobab nan zòn kote nèj ap soufle anvan midi, e apres a yon fèb chans nèj ant midi ak 1:00 p.m. Tanperati ki pi elve pral toupre 10, avèk pousantaj van frèt ki osi ba ke -13. Yo prevwa van fò 20 a 22 kilomèt alè, avèk rafal van ki osi elve ke 37 kilomèt alè. Nouvo akimilasyon nèj mwens pase yon pous posib. Dimanch swa, yo prevwa zòn nèj ap soufle, avèk yon nivo ba ozanviwon -11. Van frèt kap soufle pral osi ba ke -32. Yo prevwa van fò nan nòdès 17 a 21 kilomèt alè, avèk rafal van ki osi elve ke 36 kilomèt alè.

Pousantaj nèj la pral jeneralman yon mwaye pous oswa mwens pa èdtan, avèk pisibilite peryòd kout chit nèj ki lokalman pi elve. Zòn previzyon an pral resevwa pwopbleman 2 a 4 pous total nèj kap tonbe apati sistèm tanpèt sa a, avèk zòn teren ki pi elve nan Catskills ak Taconics kap resevwa jiska 6 pous.

**Konsèy Tanpèt Nèj Ivè:** Albany, Columbia, Dutchess, Greene, Rensselaer, Schenectady, Ulster, Hamilton, Montgomery, Fulton, Herkimer, Warren, Washington, Schoharie, ak Konte Saratoga jiska lendi anviwon 12:00 p.m.

**Avètisman Van Frèt:** Albany, Columbia, Dutchess, Greene, Rensselaer, Schenectady, Ulster, Hamilton, Montgomery, Fulton, Herkimer, Warren, Washington, Schoharie, ak Konte Saratoga jiska lendi anviwon 12:00 p.m.

### **NWS Binghamton**

Jodia yo prevwa nèj, anpil pafwa, avèk tanperati elve ki pre 30. Van nan sid 9 a 11 kilomèt alè, avèk rafal ki osi elve ke 21 kilomèt alè. Akimilasyon total nèj jounen an ozanviwon 2 pous. Aswè a, yo prevwa nèj avèk zòn van ap soufle anvan 11:00 p.m., apres a nèj la ap dispèse apre 2:00 a.m. Nèj la ka anpil pafwa, avèk tanperati ki ba ozanviwon 2. Pousantaj van frèt la gen chans pou l osi ba ke -12. Yo prevwa van fò 5 a 10 kilomèt alè gen chans pou l vini nan nòdwès la 15 a 20 kilomèt alè nan aswè a. Rafal van ka osi elve ke 44 kilomèt alè. Nouvo akimilasyon nèj ozanviwon 3 pous. Dimanch, yo prevwa anpil nèj kap dispèse anvan 10:00 a.m., apres a yon chans pou farinaj nèj. Tanperati a pral tonbe ozanviwon -4 nan 5:00 p.m., avèk van frèt kap apeprè osi ba ke -26. Yo prevwa van fò 17 a 22 kilomèt alè, avèk rafal ki osi elve ke 43 kilomèt alè. Nouvo akimilasyon nèj mwens pase yon pous posib. Dimanch swa, yo prevwa farinaj nèj kap dispèse anvan minwi, avèk yon tanperati ki ba ozanviwon -11. Pousantaj van frèt la gen chans pou l osi ba ke -31. Van nan Nòdwès 13 a 16 kilomèt alè pwobab avèk van ki osi elve ke 34 kilomèt alè.

Yo prevwa sistèm tanpèt la ap bay rafal nèj 3 a 5 pous sou pifò pati nan Central New York, e rejyon Finger Lake ka pran jiska 7 a 8 pous.

**Konsèy Tanpèt Nèj Ivè:** Konte Broome, Chemung, Chenango, Cortland, Delaware, Madison, Oneida, Onondaga, Otsego, Schuyler, Seneca, Cayuga, Steuben, Sullivan, Tioga, Tompkins ak Yates jiska lendi anviwon 10:00 a.m.

Avètisman Tanpèt Nèj Ivè: Konte Broome, Chemung, Chenango, Cortland, Delaware, Madison, Oneida, Onondaga, Otsego, Schuyler, Seneca, Cayuga, Steuben, Sullivan, Tioga, Tompkins ak Yates jiska lendi a 10:00 a.m.

### **NWS Buffalo**

Yo prevwa nèj jodia anvan 1:00 p.m., apres a yon chans nèj apre 4:00 p.m. Tanperati a pral desann a anviwon 12 nan 5:00 p.m. avèk pousantaj van frèt ki osi ba ke -5. Van nan pati sidwès 11 a 16 kilomèt alè vini nan direksyon nòdwès 21 a 26 kilomèt alè nan apremidi a. Ka gen rafal van ki osi elve jiska 38 kilomèt alè. Akimilasyon nèj total nan jounen an de 1 a 3 pous posib. Aswè a, anpil nèj pwobab, sitou apre 10:00 p.m., avèk yon tanperati ki ba ozanviwon -6. Pousantaj van frèt la gen chans pou l osi ba ke -25. Van nan lwès 18 a 20 kilomèt alè. Nouvo akimilasyon nèj 1 a 2 pous posib. Dimanch, anpil nèj pwobab avèk poud nèj kap soufle toupitou anvan 10:00 a.m., apres a yon chans pou anpil nèj apre 10:00 a.m. Tanperati ki pi elve pral toupre -5, avèk pousantaj van frèt ki osi ba ke -30. Van nan lwès 16 kilomèt alè. Nouvo akimilasyon nèj mwens pase yon pous posib. Dimanch swa, yon chans pou anpil nèj, sitou anvan 9:00 p.m., avèk yon tanperati ba ozanviwon -12. Pousantaj van frèt la gen chans pou l osi ba ke -30. Van nan lwès 8 a 13 kilomèt alè.

Yo prevwa yon akimilasyon total nèj de 8 a 14 pous apati Rochester pou rive nan direksyon Syracuse.

Konsèy Vwayaj: Tout konte Erie jiska pwochen avi.

Konsèy Tanpèt Nèj Ivè: Konte Allegany, Jefferson ak Lewis jiska lendi a 10:00 a.m.

Avètisman Tanpèt Nèj Ivè: Konte Monroe, Niagara, Cayuga, Orleans, Oswego, Wayne, Genesee, Livingston, Erie, Ontario, Wyoming, Cattaraugus, ak Chautauqua jiska dimanch a 6:00 p.m.

Avètisman Van Frèt: Konte Allegany, Jefferson ak Lewis jiska lendi a 10:00 a.m.

### **NWS Burlington**

Yo prevwa anpil nèj jodia, avèk yon tanperati elve pre 15. Pousantaj van frèt la gen chans pou l osi ba ke -10. Akimilasyon nèj total nan jounen an de 1 a 3 pous posib. Aswè a, yo prevwa nèj ap tonbe anvan 8:00 p.m., avèk yon tanperati ba ozanviwon -7. Pousantaj van frèt la gen chans pou l osi ba ke -28. Nouvo akimilasyon nèj 1 a 3 pous posib. Dimanch, yon chans pou anpil nèj sitou, anvan midi, apres a lap vini nyaje epi frèt, avèk tanperati ki tonbe ozanviwon -13 nan 4:00 p.m. Pousantaj van frèt la gen chans pou l osi ba ke -34. Van nan Nò 16 a 18 kilomèt alè, avèk rafal ki osi elve ke 31 kilomèt alè. Nouvo akimilasyon nèj mwatye pous posib. Dimanch swa, yo prevwa yon syèl ki preske nyaje, avèk tanperati ki osi ba ke -27. Pousantaj van frèt la gen chans pou l osi ba ke -50. Van nan Nòdwès 11 a 15 kilomèt alè, avèk rafal ki osi elve ke 25 kilomèt alè.

Avètisman Van Frèt: Konte Clinton, Essex, Franklin, ak St. Lawrence jiska lendi a 12:00 p.m.

## **NWS Upton**

Nèj pwobab jodia; sitou apre 4:00 p.m. Tanperati ki pi elve a pral ozanviwon 30, avèk van glase ki gen yon valè ant 15 a 20. Van nan sid 9 a 13 kilomèt alè. Akimilasyon total kantite nèj kap tonbe lajounen an mwens pase yon demi pous si posib. Yo prevwa nèj aswè a avèk yon tanperati ki ba ozanviwon 15. Van frèt gen yon valè ant -5 ak 5 pwobab. Van nan Sid 7 a 12 kilomèt alè ap vini nan direksyon lwès 24 a 34 kilomèt alè. Rafal van ka osi elve ke 46 kilomèt alè. Nouvo akimilasyon nèj 2 a 4 pous posib. Dimanch, nèj la pwobab, sitou anvan 11:00 a.m., avèk yon tanperati elve ki pre 18. Yo prevwa valè van frèt ant -5 ak zewo; avèk yon van nan nòdwès de 30 a 37 kilomèt alè. Rafal yo ka osi elve ke 48 kilomèt alè. Nouvo akimilasyon nèj mwens pase yon pous posib. Dimanche swa, yo prevwa syèl klè, avèk yon tanperati fèb ozanviwon 2. Valè van frèt ant -10 ak -20 posib. Van nan nòdwès 20 a 26 kilomèt alè, avèk rafal ki osi elve ke 38 kilomèt alè.

**Avètisman Tanpèt Nèj:** Konte Suffolk jiska dimanch a 1:00 p.m.

**Siveye Van Frèt:** Konte Westchester, Orange, Rockland, ak Putnam jiska lendi a 11:00 a.m.

**Konsèy Tanpèt Nèj Ivè:** Konte Bronx, Kings, New York, Nassau, Queens, Richmond, ak Westchester jiska dimanch a 1:00 p.m.

**Konsèy Tanpèt Nèj Ivè:** Konte Westchester, Orange, Rockland, ak Putnam jiska lendi a 11:00 a.m.

**Avètisman pou Van:** Konte Bronx, Kings, New York, Nassau, Queens, Richmond, Westchester, Orange, Rockland, ak Putnam jiska dimanch a 6:00 p.m.

Yo pibliye yon **avètismna van frèt** lè endèks van frèt la gen chans pou l tonbe nan tanperati -25 degre oswa pi frèt pou omwen twazèdtan. Yon endèks van frèt anba tanperati -30 ka pote atak fredri nan yon tan osi rapid ke 10 minit. Yo ta dwe limite ekspozisyon a deyò. Si wap soti deyò, mete plis rad epi kouvri men ak tèt ou pou pwoteje kont atak fredri

Yon avètisman van frèt vle di konbinezon lè ki frèt anpil ak van fò pral kreye valè van frèt ba ki danjere. Sa a pral mennen nan atak fredri e lap koze ipotèmi oswa lanmò si yo pa pran prekosyon.

### ***Lòt Konsèy Sekirite:***

Pou evite atak fredri, rete andedan pandan gwo fredri. Si ou dwe ale deyò eseye pou kouvri tout pati nan kò ou; zòrèy, nen, zòtèy ak dwèt, elatriye. Mitèn pi bon pase gan. Kenbe po w sèk. Pa rete nan van lè li posib. Bwè anpil likid kòm idratasyon ogmante volim san, sa ki ede pou anpeche atak fredri. Evite kafeyin, alkòl ak sigarèt. Kafeyin redwi veso sangen an, anpeche rechofman ekstremitè ou yo. Alkòl redwi frison, sa ki ede pou kenbe ou cho. Itilizasyon sigarèt etenn sikilasyon san nan men ou.

## Nivo nan Atak Fredi

- Premye degre: kristal glas ap fòme sou po ou
- Dezyèm degre: Po a kòmanse cho, mennsi li poko dejkonjle.
- Twazyèm degre: Po a vini wouj, pal oswa blan.
- Katriyèm degre: Doulè a dire plis pase kèk èdtan e po a ka devlope yon ble Fonse oswa nwa. Al wè yon doktè touswit si sentòm sa yo rive. Gen yon menas reyèl pou gangrèn.

## Premye Swen Atak Fredi

*Jiskaske ou ka rive andedan kay:*

- Pa fwote oswa mase pati kò ki frèt la.
- Mete men ou anba bra ou.
- Kenbe yon lòt moun oswa bèt.
- Bwè likid cho.
- Mete yon kouch rad siplemantè, dra, elatriye.
- Retire bag, mont, ak nenpòt bagay ki sere.

*Depi ou fin andedan*

- Pa mache sou yon pye ki gen atak fredyèl. Ou ka koze plis domaj.
- Pran yon beny tyèd PA cho, epi vlope figi ak zòrèy ou nan yon sèvyèt imid, tyèd, ki PA cho.
- Pa ale toupre yon fou ki cho oswa aparèy chofaj oswa pa itilize yon kousen chofan, boutèy dlo cho, oswa yon sechwa. Ou ka boule tèt ou anvan ou santi sansasyon an.
- Po ki gen atak fredyèl pral vin wouj epi anfle e wap santi tankou lap pran dife. Ou ka devlope ti anpoul. Pa pete ti anpoul yo. Li ka lakoz sikatris.
- Si po ou vin tou ble oswa gri, li anfle anpil, ti anpoul oswa ou santi li di ak paralize menm anba yon sifas, ale lopital touswit.

Ipotèmi devlope akòz ekspozisyon pwolonje nan tanperati ki frèt, espesyalman lakay timoun ak granmoun aje. Siveye sentòm ki annaprè yo: enkapasite pou konsantre, move kowòdinasyon, twoup nan langaj, somnolans, fatig, ak/oswa tranbleman enkontwolab, apre yon yon mank frison toudenkou. Si tanperati kò yon moun desann anba 95 degre Fahrenheit, chèche swen ijans medikal touswit. Retire rad mouye, vlope viktim lan nan yon kouvrelè ki cho, epi bay likid ki pa gen alkòl, kafeyin jiskaske li jwenn èd.

Evite pou tiyo yo pa konjele lè ou ouvè alafwa robinè dlo cho ak frèt lejèman nan yon levye ki nan sousòl la – dlo kap koule pa pral konjele rapidman. Louvri pòt plaka yo pou kite plis chalè antre nan tiyo ki pa izole yo anba yon evye oswa yon aparèy menaje ki toupre yon miray deyò. Si ou planifye pou kite lakay ou, degoute epi fèmen sistèm dlo a (sof sistèm estenktè andedan yo).

Si tiyo ou pete, asire oumenm ak fanmi ou konnen kijan pou fèmen dlo a, sizoka tiyo yo pete. Kanpe ekoulman dlo a ap diminye domaj nan kay ou. Rele yon plonbye epi kontakte ajan asirans ou. Pa janm eseye dekonjele yon tiyo avèk yon flanm oswa yon flanbo dife. Toujou siveye posiblite pou chòk elektrik nan ak toutotou dlo dòmi.

**Nimewo telefòn kontak sèvis piblik 24/7:**

Central Hudson Gas & Electric Corporation\*

Telefòn (24/7): (845) 486-5502

Telefòn (24/7): (845) 452-2700

KeySpan Energy, Inc. (National Grid)

Telefòn (24/7): (516) 824-8550

Long Island, National Grid Gas Delege an ijans\*

Telefòn (24/7): (516) 545-4047

NYC, National Grid Gas Delege an ijans \*

Telefòn (24/7): (718) 403-2920

Pati Nò New York, National Grid Gas Delege an ijans \*

Telefòn (24/7): (315) 460-2001

Consolidated Edison

Telefòn (24/7): (212) 460-4111

New York State Electric & Gas\*

(24/7): (607) 762-4738

Algonquin Gas Transmission Company

Telefòn (24/7): (713) 627-4690

Iroquois Gas\*

Telefòn (24/7): (800) 888-3982

North Country Gas Pipeline

Telefòn (24/7): (800) 571-4833

Rochester Gas and Electric\*

Telefòn (24/7): (800) 743-1702

Haitian Creole

Tennessee Gas Pipeline Company  
Telefòn (24/7): (800) 231-2800

Orange & Rockland \*  
(24/7): (877) 434-4100

Public Service Enterprise Group (PSEG)  
(24/7): (631) 755-6900

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.841